



DEKLARASYON DWA SWEN SANTE

Nan Vil New York, li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz preferans seksyèl yon moun, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl li nan anplasman piblik yo, ansanm ak nan etablisman swen sante yo.

Lè ou ap chèche sèvis swen sante nan Vil New York, ou gen dwa sa yo:

- 1.** Dwa pou tout founisè swen yo, manm pèsonèl yo ak volontè yo trete ou avèk diyite, respè ak pwofesyonalis nan *tout* etablisman swen sante yo
- 2.** Dwa pou ou resevwa swen avèk konpasyon, san pote jijman epi swen ki konplè, ki teni kont de preferans seksyèl, konpòtman seksyèl, idantite seksyèl ak ekspresyon seksyèl ou. Dwa sa a aplike pou *tout* sèvis sante yo, epi li ensiste espesyalman sou sa ki annapre yo:
 - 2a.** Swen prensipal
 - 2b.** Swen dijans
 - 2c.** Swen sante seksyèl, ansanm ak sèvis prevansyon yo; konsèy sou rediksyon risk ak domaj; epi tès ak tretman pou VIH, enfeksyon moun pran nan fè bagay, epatit viral ak kansè ki gen rapò ak HPV
 - 2d.** Swen anrapò ak tranzisyon sèks
 - 2e.** Swen sante repwodiksyon ak planin familyal
 - 2f.** Swen sante mantal ak konpòtmantal
 - 2g.** Swen apre chòk, ansanm ak swen apre vyolans poutèt rayisman, vyolans seksyèl ak vyolans nan men patnè entim
 - 2h.** Evalyasyon, konsèy ak tretman pou itilizasyon alkòl ak dwòg
- 3.** Dwa pou gen chita pale nan respè avèk founisè swen yo konsènan sante ak bezwen swen sante ou, ki gen ladan istwa seksyèl ou, vi seksyèl ou aktyèlman, plezi ak relasyon seksyèl
- 4.** Dwa pou yo rekonèt, sètifye ak dokimante idantite seksyèl ak ekspresyon seksyèl ou, ki gen ladan:
 - 4a.** Pou manm pèsonèl yo itilize

Si ou kwè yo te maltrete ou oswa yo te refize ba ou swen oswa sèvis poutèt preferans seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl ou, rele 311 oswa 718-722-3131 pou depoze yon plent devan Komisyon Vil New York la sou Dwa Moun.

non ak pwonon ou chwazi pou tèt ou oumenm, epi ki koresponn ak langaj ou itilize pou ou dekri kò ou

4b. Jwenn aksè nan fòm ak dosye medikal sou papye ak sou fòm elektwonik ki itilize non, pwonon ak makè sèks ou chwazi pou tèt ou oumenm

4c. Aksè nan enstalasyon apa pou chak

sèks ki koresponn avèk idantite seksyèl ou ak ekspresyon seksyèl ou

5. Dwa pou jwenn esplikasyon aklè sou demann founisè swen sante yo fè pou enfòmasyon medikal pèsonèl ou, ansanm ak ki moun yo ka kominike enfòmasyon yo, ak dwa pou pa bay enfòmasyon sa yo

6. Dwa pou jwenn esplikasyon aklè sou tout pwosedi medikal ak tout risk yo; dwa pou chwazi oswa pou refize nenpòt tretman ak pou refize patisipe nan rechèch san mete tretman ou an danje

7. Dwa pou jwenn aksè nan pwoteksyon asirans ak avantaj anrapò ak sante san diskriminasyon sou baz preferans seksyèl, idantite seksyèl ak ekspresyon seksyèl

8. Dwa pou chwazi kiyès k ap pran desizyon medikal pou ou si ou pa kapab fè li; epi, pou timoun minè yo, dwa pou fè mete volonte ou ak pi bon enterè ou nan desizyon sa yo

9. Dwa pou deside kiyès ki gendwa ak kiyès ki pa gendwa vizite ou si yo entène ou nan yon etablisman swen sante

10. Dwa pou yo pwoteje vi prive w ak konfidansyalite w

Dwa sa yo konsène tout etablisman swen sante Vil New York kote yo ofri sèvis medikal ak lòt sèvis sipò sosyal, ansanm ak lopital yo; sal dijans yo; sant swen ijan yo; klinik yo; kabinè doktè yo, enfimye(è) pratisyen yo ak asistan doktè yo; etablisman swen enfimye yo ak sant swen alontèm yo; epi òganizasyon kominotè yo.

Dwa sa yo konsène tout rezidan Vil New York ak vizitè k ap resevwa swen nan senk minisipalite yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nyc.gov/health/lgbtq.